



ingkang samanten agenpiopen. Jén bêndjing A. Rockoen ada-ada malih, Kj. Dalang . . . badé . . . kaatoer . . . an ma . . . lih. b. Dateng ingkang sampoen karsa mangkoe. Com. ngaknen bilih poenika awrat lan répot sajektos. Mila katoera atoer-paoewoenoepoen Com. ingkang sakalangkoeng ageng. i. p. sadérék R. S. Prawirasoekarta. c. Ma- katen oegi dateng M. L. Hardjaprawira lan d. sadérék All. Sishadi makaten oegi dateng prijantoe sanés ingkang sampoen ngégoeh- aken wontenipoen among-roekoën ngantos boten nogetjewani makaten.

Roekeon! soeker! srananipoen warni- warni !!!!!!!

#### Sesorah.

Mentas poenika sadérék G. Dwidjaatma- dia ing Mendoet, kapetil kaatoeran sesorah bab gesangipoen Boedha wonten ing Soos Sasana-soeha. Dongéniipoen gajeng, gesang adamel senengipoen ingkang mirengaken. Éwasamanen wonten anéhipoen: serat kabar M. ngabarakan bilih sesorah waoe wos- ipoen propaganda kominis; rak nggoedjen- aken. — Koentoel dioenékkaké dandang, dandang dioenékkaké koentoel. — Énget: Sing sapa temen-tinemenan. Betjik ketitik — ala ketara.

#### Ambachtsschool.

Amb. school Moentilan afd. tosen 2 taoen koela mireng kabar bilih badé dipointenging taoenaken lan dipoensoekani kalonggaran pasinaun monteur. — Malah wonten kabar malih oegi badé Kawontenaken afd. garapan kadijeng. — Jén éstoé makaten, bedjanipoen laré-laré ing angka-angka koekoeban Moen- tilan.

#### Kreteg.

Inginggil (soekenipoen redi Merapi) sampoen katah tandon matoempoe oendoeng, woedjoed: séla, wedi, lahar tirahan + we- wahan kala sang Huldaña-kroeda. Margi saking poenika pinéntang bilih rendeng ngajeng poenika, Merapi badé ngobralaken simpenanipoen. Mila kreteg-kreteg wiwit di- poensantosani. Langkoeng-langkoeng kreteg Lamat (sepoer) rinten daloe mesis kerdja kers mompa toja: ingkang njambot damel atoesan sangandapeng kreteg kapatravan bétonwerk 5 ladjoer ingkang boten tedas tapak tatoening pandé.

(E. bedjané tjadak goenoeng geni).

#### A. N. I. E. M.

Margi awis jatra, mentas poenika ing Moentilan ngwontenaken protest medaking lengganan dilah aniem poenapa déne pran- tan-pranatan ingkang kirang adil. — Mila keda makaten: réhning jatra awis sadaja inggih kedah medak. Saja santosa malih jén sadaja panggénan oegi toemandang. (Ing Ngajogja sampoen kelampahan. Red.).

#### Sata.

Margi wontenipoen kintoenan djawah, reregen sata ing Moentilan ragi loemajan à kati f 0,50. doemoegi f 0,80. wedalan ka- pengker memelas sanget. I krandjang ± 20 kati awisanipoen namoeng nem ketipan, ngantos katal angkang namoeng kaboetji saengén - enggén. — Indaking reregen sata ngajemakan manah. Tijang alit rinten daloe sambat-seboetipoen namoeng dateng paos, kesoepén manah gesangipoen saben dinten, ngantos dipoenréntangi nekek goeloe sajek- tos. — reraosanipoen: abot padjeg tinimbang oerip. Poenapa makaten poenika boten mratandani jén paosipoen kawraten? Éwa- samanten . . . Emboeh ra - roeh; patok boetoehkoo ketjakeop. — o. djaman . . . djaman . . .

#### Panti Moelja.

Panti = saking temboeng Pa+anti; pang- gán kanggé ngentosi. Moelja inggil moel- ja; kamoeljan. Dados Panti-Moelja kenging dipointegesi: *papan kanggé ngentosi kamoel- jan*. Poenapa: Panti-Moelja poenika; nama- ning koebaer katoliek ing Pépé. Nama Panti-Moelja, matoek sanget: lajon ingkang wonten ing koeboer, boten pegat-pebat mag- nanti-anti dinten kijamat, inggih dinten ta- ngingin badan, inggih ngentosi manoenggil- ing soekma lan raga ingkang ladeng saged nraosaken kamoeljan langgeng.

Para sadérék ingkang kagoengan waris ing pasaréjan *Panti-Moelja* kaadjeng-adjeng paringipoen dana kanggé moeljakken. Ing- kang nampi K. W. ing Moentilan p/a P. G. Dwidjajoesewa penm. K. W.

#### Wedana énggal.

1. Wedana lami kadoenjoeng dados patih ing Koedoes, lowong sawatasiswa woelan, Sapoenika sampoen dateng. Moegi - moegi W. énggal poenika ngagengna manahipoen tijang alit. — Éngeta kawontenaning djaman. —

#### K. H.

*Krida Harta*. Énget sanés *Kridaarta* lo. (ing Blitar lan ing Bara K. W. gadah *Krida arta*). Ing Moentilan *KRIDA - HARTA*, K. H. poenika satoenggiling Crediet-Coöp. gadahaniipoen K. W. M. W. (Moeda-Was- pada) ingkang sampoen marhoeun nitis dateng K. H.; K. H. poenika oepami H. D. taksih; H. D. 2e klas, anggénipoen mageg saweg 2 woelan, sampoen gadah arta ± f 150. Sampoen mitoeloengi njambotaken dateng sadérék sawatasiswa. — Pranatan so- luut. Voorz. M. B. Hardjawasita. Secr. J. Dirdjasosiswa. (penn. ngiras Administrateur All. Sis Hadi. Com. R. M. Soerja Moersan- di lan R. J. Widjaya Oeana).

(Djaman sapoenika pakempalan ngaten poenika mila mikantoeki sanget). Poenika satoenggiling srana kanggé ndandosi econo- mi, ananggoeling lintal darat,

Moegi widadaan lan sempeloera ! !

#### P. sectie Mtl.

Poepoes - Tjindé

Pramila ing riki koela badé ngrembag sekedik bab poenika. Déné jén tak- sih gotang kémawon (kangmas And- aja sampoen anggegoedjeng lo).

Toemrapipoen soedagar (afnemer) (koela tjekak S.) ingkang dérèng naté lelajanan kalijan Importeurs jén tembas barang kedah contant, sara- na katjowok ratjakipoen 3%. Da- dos oepami 1 peti téh regi f 25. temtoe boten badé dipoenwangsoel- aken.

Sebab poenapa kedah kabajar kropjok? Boten sanés kadjawi na- moeng, dérèng pitadosing Importeurs. Oepami tijangipoen ngaten, kalih-kalihipoen dérèng sami tepangi- poen, dados dérèng wani pretjaja- pinretjajan. Oepami barang sampoen kakintoen roemijn, ladjeng S. boten koewatos ing bab pambajariipoen S.

Naminipoen S. katjatet ing notesi- poen Importeurs, perloenipoen, jén salah satoenggiling Verkooper (tijang ingkang kapatah sesadéjan lan ke- késahan dateng kita<sup>2</sup> panggénan soedagaripoen) dateng kita doenoeng- ipoen S. saged madosi griganipoen (tokonipoen), soepados saged njipati ageng aliting dedaganganipoen, lan saged pados katerangan, kados poen- di kawontenaniipoen toko S. poenika. Déné jén katerangan pinanggih saé, Verkooper ladjeng rapport dateng Agénipoen. Poetoesanipoen S. la- djeng angsal longgaran ing bab pambajariipoen. Oepami S. sasam- poenipoen angsal longgaran ladjeng tembas barang contant, barang kakintoenaken roemijn, lan pambajari- poen boten kados adat saben, na- nging kenging ngentosi, jén Ver- kooper dateng panggénanipoen. Rat- jak Verkooper pendak 14 dinten mider<sup>2</sup> dateng soedagar - soedagaripoen, perloe nagih lan nawékaken barang malih. Jén S. téteha saé lan pinitados, ladjeng angsal longgaran malih, poenika salebetipoen 1, 2, lan dangoe-dangoenipoen 3 woelan. Jén sampoen doemoegi samanten S. ka- wastanan angsal credit. Déné ageng aliting credit, walak - walak ageng aliting toko. Oepami tokonipoen S. madegipoen mawi pawitan f 1000,-, S. katal - katahipoen angsal credit wiwit oepaminipoen f 50,-, jén keti- ngal madjeng dedaganganipoen, ang- sal indakan, ngantos dados f 100.- f 200.- oetawi langkoeng (poenika goemantoeng dateng agéning Im- porteuripoen). Angka f 50,-, f 100,-, f 200.- poenika dipoen wastani Limiet. Tegesipoen, jén S. boten kenging tembas credit langkoeng saking angka-angka waoe.

Barang dagangan poenika kenging kapérang dados 5 golongan, inggih poenika: 1. Golongan pamedaling partikel (producten). 2. Ombén - ombén lan njamikan (Provicién en dranken). 3. Bala petjah lan dandosan tosan (Bulk artikelen). 4. Klitikan (Krame- ryen). 5. Bangsa sembet (Manifac- turen).

Ing satoenggil-toenggiling golong- an (afdeeling) dipoen pangagengi Verkooper. Menggah longgaran pambajaran boten saben barang sami. Oepaminipoen tjengkél long- garanipoen 1 woelan, barang Japan 2 woelan, oepaminipoen, piring, tjang- kir, barang saking Europa 3 woelan. (Kadjawi bangsa ombén-ombén.)

Bab serat pitakénan, katerangan barang poenapa ingkang badé ka- poendoet, pinten doz. lan peti, pa- moendoetipoen. (Bab pambajaran sampoen koela atoeraken, jén dérèng naté lelajanan kalijan Import- teur temtoe barang kakintoenaken rembours.) Lan afzender-ipoen kase- rata ingkang tjeta. Bab basa, koela saroedjoek kalijan kangmas Andaja, inggih poenika tjara Indonesia, per- loe, sapisan saged tjeta, kaping kai- lihipoен, bêndjing jén saged tindak pijambak dateng ing toko, jén moen- doet priksa poenapa saged gamblang, toer Verkooper-ipoen sanadjana to- tok (volbloed) pisan saged tjara In- donesia.

Sadérék A. K. D. boten perloe koewatos bab regining barang, amar- gi Imp. temtoe boten badé ngawis- aken. Sadérék A. K. D. sampoen nggalih: „Géné ki kirim njang Im- portkantoor ja moeng jék katsetitiiki!” O sampoen pisan-pisan kagoengan panggalih ingkang kados makaten sadérék, margi koela atoeri anggalih dateng oengel - oengelan: „Doewit sabribil ikoe toh tjoewilané keton”. Watakipoen bangsa kita poenika pantjén ratjakipoen, njepélekaken barang alit. Amargi poenapa? Dérèng anggadahi wataking bakoel, kados déne sadérék Tionghoa.

Kadjawi poenika, koela atoeri menggalih, bilih sadaja wiwitan poenika rekaan, lan étjanipoen kepang- ingkang wingking.

Déné sadérék A. K. D. sekedik- ke- dikipoen kedah moendoet pinten roe- piyah, poenika tanpa watesan. Amargi sanadjana pandjenengan namoeng moendoet pangaos f 2,50 (seringgit

pisan temtoe badé dipoenladosi. Déné ingkang mawi wates inggih poenika tijatjahaning barang. Oepaminipoen saderrék A. K. D. moendoet, tjengkél 1/2 baal sanadjana pëngao- siipoen wonten antawisipoen f 25.- boten badé dipoenladosi. Nanging jén moendoet potlood oepaminipoen na- moeng 1 gros ingkang pangaos f 3,50 temtoe boten badé dipoenwangsoel- aken.

Saréhning katabing barang da- gangan katah sanget, toer koela boten paham, poenapa ingkang dados kabetahanipoen Cooperatie, pramila ing riki koela boten saged nga- toerakan, apesipoen pinten dozin, gros, peti, tijang tembas barang S. boten pambajariipoen namaeng f 24,25.-

Sebab poenapa kedah kabajar kropjok?

Boten sanés kadjawi na- moeng, dérèng pitadosing Importeurs.

Oepami tijangipoen ngaten, kalih-kalihipoen dérèng sami tepangi-

poen, dados dérèng wani pretjaja-

pinretjajan. Oepami barang sampoen kakintoen roemijn, ladjeng S. boten koewatos ing bab pambajariipoen S.

Naminipoen S. katjatet ing notesi-

poen Importeurs, perloenipoen, jén salah satoenggiling Verkooper (tijang

ingkang kapatah sesadéjan lan ke- késahan dateng kita<sup>2</sup> panggénan

soedagaripoen) dateng kita doenoeng- ipoen S. saged madosi griganipoen (tokonipoen), soepados saged njipati

ageng aliting dedaganganipoen, lan saged pados katerangan, kados poen-

di kawontenaniipoen toko S. poenika. Déné jén katerangan pinanggih saé, Verkooper ladjeng rapport dateng Agénipoen. Poetoesanipoen S. la- djeng angsal longgaran ing bab pambajariipoen. Oepami S. sasam- poenipoen angsal longgaran ladjeng tembas barang contant, barang kakintoenaken roemijn, lan pambajari- poen boten kados adat saben, na- nging kenging ngentosi, jén Ver- kooper dateng panggénanipoen. Rat- jak Verkooper pendak 14 dinten mider<sup>2</sup> dateng soedagar - soedagaripoen, perloe nagih lan nawékaken barang malih. Jén S. téteha saé lan pinitados, ladjeng angsal longgaran malih, poenika salebetipoen 1, 2, lan dangoe-dangoenipoen 3 woelan. Jén sampoen doemoegi samanten S. ka- wastanan angsal credit. Déné ageng aliting credit, walak - walak ageng aliting toko. Oepami tokonipoen S. madegipoen mawi pawitan f 1000,-, S. katal - katahipoen angsal credit wiwit oepaminipoen f 50,-, jén keti- ngal madjeng dedaganganipoen, ang- sal indakan, ngantos dados f 100.- f 200.- oetawi langkoeng (poenika goemantoeng dateng agéning Im- porteuripoen). Angka f 50,-, f 100,-, f 200.- poenika dipoen wastani Limiet. Tegesipoen, jén S. boten kenging tembas credit langkoeng saking angka-angka waoe.

Barang dagangan poenika kenging kapérang dados 5 golongan, inggih poenika: 1. Golongan pamedaling partikel (producten). 2. Ombén - ombén lan njamikan (Provicién en dranken). 3. Bala petjah lan dandosan tosan (Bulk artikelen). 4. Klitikan (Krame- ryen). 5. Bangsa sembet (Manifac- turen).

Penningmeester V. L. S.

2e. Convict

Moentilan N. I. S.

(njoewoen pamit).

—

Setaoen koela ngladosi Sw. - Tm. babagan panggesangan lan ébahing arta, wiwit tengahan taoen 1930

doemoegi mēh poengkasaniing taoen 1931, mila koela badé ngaso, ladjeng koela borongaken dateng sadérék O. D. Kühr, P. S. Atmasoedarma, S. S. Dh. lan sanésipoen ingkang

setaoen koela ngladosi Sw. - Tm. lan

karsa manggalih dradjat kita wonten madyaning djagad panggesangan, ing madyaning tradjang mboeroe ge- sang: ngojak redjeki.

Ing Europa Kilen horeg ngrembag

ébahing arta: Inggris, Djerman. Ma-

lah saking Europa Tengah. Tjek- slovakijs, oegi wonten sambat nedá

dipoentoeloengi économiniopoen.

Roeslan, mentas ngoembar anak-

anakipoen wonten London, kaperih

seneng-seneng, dolan, margi katri-

mang anggénipoen sami toémoet

mbantoe rampoenging „rantjangan

gangsal taen.

Ing Indonesia ngriki, kabekta mle-

sekung panggaotan Europa lan Ame-

rika, reregén poenapa kémawon saja

soeda - saja soeda. Nanging pamedal

Gopermén inggih saja soeda - saja soeda. Mila rantjangan njoeda blan-

dja saja nékad: sapoenika 5%, la-

djeng taoen 1932: 10%, lan jén

saged kateroesaken doemoegi 15%.

Dérèng medalipoen B.B.L. énggal

toer kantja koelit petak angsal oe-

toet nggegem siti!

Bab perangipoen kantja djené,

Tiongkok lan Japan, saged oegi ing-

gih badé ndajani peken Indonesia.

Manawi bab politiek terang Indo-

**Wewahan:** dèrèng pepak anggèn koela ndladjahi babagan ekonomi wonten ing klemungan Sw.-Tm. ngriki, nanging kadospoedi malih, koela kedah ngaso koela oenggèn ngangdjal artikel koela ing Sw.-Tm. ngriki mboten sakedik: encyclopaedien, adresboeken (Kleian), baoesastru, klawartu lan serat-srat kabar, lan saking poendi? o, pepak saget lan pinten-pinten dijilid. Éwasamanter, réhning tijang, pakarjanipoen mboten naté saged samoerna, terkadangan damel maren kémawon mboten. Mila Andaja badé ngamblés roemijn, nglempakken stof, bédjing jén sampoen indjendel koela mentjongoel malih. Kala taean '24-'25 koela ngarang, ladjeng ambles; taean '27-'28 mentjongoel malih, ladjeng ambles. Sapoenaika 1930-'31 koela ngetingal, ngetingalipoen malih . . . bédjing poenapa! Dèrèng saged matoer. And.

#### Soesoelan:

Sdr. Andaja! Kita nagaosi sanget dateng paring pandjenengan soembangan, ingkang saben minggoe adeg wontenipoen, toer ingkang inggih mestii damel renaning para maos Sw.-Tm. Ingkang poenika kita matoer noewoen. Pamoedji kita, moegi ngaso waoe sampoen ngantos kedongan! Atoer kita, nagaos ingkang sakéta! Andérékaken soeng!

Lan sapoenaika sinten ingkang karsa mbandjeli?

Red.

## OERAP-SARI.

### INDONESIA.

#### Kabar saking Tjaroeban.

Tjaroeban poenika satoenggiling Kawedanan bawah Madioen, kaprenah ing salér-wétanipoen kita Madioen let ± 20 km. Sami-sami Kawedanan kalebet redja pijambak, djalaran ketradjang margi ageng ingkang dateng Soerabaja lan margi sepoer S.S. ingkang oegi dateng Soerabaja. Halte Tjaroeban dipoen kendeli sepoer sneltrein, éndjing saking wétan 1, sonten saking kilen 1.

Pasiténipoen kalebet tjengkar, djalaran sampoen tjalak paredèn camping, toer hawanipoen ragi bentèr; nanging jén mangsa rendeng presasat kekatahan djawah, ngantos mèh saben dinten soeria mbeten katengai, margi-margi ngantos djeblog. Wonten sawatawis panggénan ingkang jén rendeng sabin-sabin lan margi-margi sami katjakan toja ngantos agoeng kados seganteng. Katah panggénan ingkang djembek-djembek, petjerèn, kalèn pedjah enz, mila lemoet inggih katah sanget. Lépénipoen awis-awis lan jén ketiga mboten mili, dados sabin-sabin mboten saged nggarap sagedipoen jén mangsa rendeng.

Panggesanganipoen tijang-tijang ingkang katah sami dados krija (pandé, ndamel rék, ndamel gelaran, ndamel rokok (linting) sawenéh panggénan wonten tijangipoen ne-noen, nanging inggih dèrèng madjeng, awit mbeten wonten ingkang noentoen lan njerep-njerepaken, poenapa malih pawitanipoen kirang. Kaoem berah inggih ragi katah: manol, glik, mbatoer enz. Ingkang tani namoeng sekedik sanget.

Ing salebetipoen kita Kawedanan wonten pamoelataniipoen angka II 1. pamoel. doesoen 1. Siswa-Wanita 1. Particuliere Hollandsche School 1. H. I. S. Particulier 1. Schakelsch P. 1. Missie - Volksschool wonten 1. lan doesoen sanès-sanésipoen (tak-sih salebeting kita) kempalan sami ngawontenaken sekolahnaan doesoen pijambak-pijambak wonten sadjawining kita, ngantos wonten pinten-pinten panggénan. Déné Missie Volksschool waoe, kabikak wiwit tanggal 1 Juli 1931, kepengker poenika, mangèn wonten doesoen Medajan A.W. Medajan Wedana-district Tjaroeban (tak-sih kalebet kita). Menggah kawontenaniipoen, wiwit bikak ngantos sapriku katingal mendlap-mendlap kilap dados kilap mbeten, memelas-mesakan sanget.

„Alle begin is moeilijk“ - Ngadanan adani poenika tansah angèll Jejasan Missie poenika doemadosipoen namoeng kanti kangélan toewin barahing Allah. Manga koela atoeri noeloengi noeroenakan barkah waoe. Déné kantja ingkang kadibah inggih mbeten badé kendo tandangipoen.

Aksamanta:

Radén Rara A. M. S.

#### Kabar Medari.

P.P.K.D., K.W., Confretie Goeroe-missie, Xaverius-Bond, Commissie pangoeket laja, Pers-sectie; sadaja waoe parepatanipoen anggrangsing. Bagoes! Nanging langkoeng bauges, jén saja actief!

Credit Coopersatinipoen Medari sampoen radi loemajan sasat sonder pandjang bitjara wiwit Maart t/m October, saweg 8 woelen, lid popog 16 glintir, éwa déné sampoen gagah kapital f 623,30. Ngwontenaken kapitaal poenika perloe sanget!

Papaning woetjalan agami 20 panggénan, ingkang sampoen angsal goeroe saweg 15 panggénan, dados 5 panggénan badé kapiten énan sanget.

Kedjawu poenika ing salebetipoen woelen September, ing koekoeban onderdistrik Sléman:

— Doerdjana loeroegan saking bawah Solo, radi pentol nami Kromopawira, saged kapikoet, nanging mesa saged miroeda sepriki dèrèng katjepeng malih.

— Kitani poen Sléman, wonten prahara angin, katah rerisakan grija, lan wit-witan sami rebah, *djawehipoen mawi saldoe*, lam-pahing trèn lan montor boten saged ladjeng ing sawatawis djam.

#### Katoelik Tjilatjap bingah.

Sadérèk Katoelik Tjilatjap ingkang doemoeginipoen samangké roemaos kawon kalijan papan sanès-sanès ingkang sampoen anggadhi zusteran, sami bingah djalaran karawoehan Zuster Dominicanessen kalih ingkang badé dadalem ing rikoe sarta paring piwoelang dateng laré-laré. Ing tanah Djawi ngriki wontenipoen zuster sampoen katah toer warni-warni, nanging wontenipoen Zuster Dominicanessen saweg sapoenaika. Ra-woehipoen ing Tandoeng Priok 8 Oktober. Moegi antoeka berkahing Pangéran ing sadajanipoen!

#### Persdelict soeda.

Anéta martosaken bilih tjatjahing persdelict saking golongan serat kabar Tionghwa katah sanget soedanipoen. Menggah ingkang dadas sababipoen, déné tijangipoen ingkang kaanggep moetawatosi, wonten sawatawis ingkang kakésahaken.

Persdelict poenika saking temboeng pers (serat kabar) lan *delict* (delictum Latin=kalepatan) tegesipoen kalepatan nerak wet sarana njerat wonten ing serat kabar kadosa: ngawon-awon tijang, ngawon-awon goepermèn, ngodjok-odjoki tijang soepados poeroen dateng goepermèn lsp.

#### Redi Krakatae sarèh.

Ing Swara-Tama ingkang kapengker (No. 40) sampoen kawartosaken jén redi Krakatae badé koerda. Samangké sampoen sarèh. Moegi-moegi sarèha ing sateroesipoen, djer kawahipoen wonten sangandaping loemahing saganten, saréhning lambéning kawah boten inggil, dados saged kalebetan toja, ngantos tojanipoen oemob oetawi katingal petak djalaran kaworan walirang.

#### Boekoe awisan.

Ing samangké wonten boekoe ingkang dadas rembagan inggih poenika „het koloniale gevaar“ (babaja koloni) anggitanipoen tw. P. Schmidt S.D.A.P. (sociaal democratische arbeiders partij) ing nagari Walandi.

Nagari ngawisi soemebaripoen boekoe poenika. Sinten ingkang sampoen kaladjeng toembas, angsal dja-wilaning politie, kapoerih mangsoel-aken.

Sanadjan kita kados bangsa socialist mrinani kaoem berah ingkang kaanggep pirantos pados kasoegihan oetawi ngoedi dateng kamardikan, éwa samantent boten badé matoek kajalan boekoe damelan socialist, amargi bangsa socialist poenika pamawangipoen bab ingkang kados makaten partidig (=éwang-éwangen) toer boten adadasar agami.

#### Mrotés kawontenan ing Lasem.

Mataram martosaken jén saweg Setoe (3 Oktober) ing Djajadipoe-ran Ngajodja wonten pakempalan perloe mrotés moeranani pangobènging sawenéhing pangobènging ing Lasem, kados ingkang katjeta ing rapportipoen toeant De Kat Angelino.

Ingkang dateng oeda kawis tijang 1000 sarta katoentoen déning Raden Ajoe Hardjadiningrat saking Wanita Katoelik, djer pangarsaning comité inggih poenika Mevrrouw Soekonto mbeten saged rawoeh.

Bakda pamboka, ingkang sesorah inggih poenika sdr. Darmosoegito secretaris-ipoen. Pandjenanganipoen mendet tjonto-tjonto saking rapport waoe. Toemoenten taksih wonten sawatawis ingkang sesorah kadosa sdr. Drijowongso, ingkang sandjung badé ngedegaken pakempalan-kaoem-estri-berahan, boten ngemoengaken toemrap pangobèngan nanging oegi toemrap pabrik sanès-sanésipoen.

Ing Ngajogja badé dipoenwonten organisatie (bebadan) toemrap pabrik sigarèt lsp. Makaten oegi koeli-koeli estri ing onderneming (pabrik gen-dis lsp.) badé kadadosaken sabedaan.

Bandara Pangéran Soerjadiiningrat ingkang makili P. K. N. (pakempalan kawoela Ngajogja) atas namaning pakempalan ngatingalaken roedjoek-ipoen.

Kita ngéneti pangandika dalem Kangdjeng Santo Bapa Leo XIII oegi roedjoek manawi kaoem berah djalera-estria sami damel vakver-eening anggeripoen boten adeda-sar ngélmé, socialisme.

#### CORRESPONDENTIE.

Abn. 234, postwissel regi f 6,-, sampoen katampi. Noewoen! Abn. 478, mitoeroet péntang kita arta f 1,50 (satoenggal setengah roepijah) poenika toemandja kangéwoelan Agoestoes, Séptember lan Oktober.

Adm.

Djagabaya, Abn. 390, lan para njoembang karangan. Kita matoer noewoen. Njoe-woen dipoensfantasaken roemijn!

Red.

#### Retraite Ambarawa. (S).

Kala tgl. 4-7 October ing St. Joseph College Ambarawa, kaleksanan ngawontenaken retrate ingkang sapisanan, toemrap sadérèk Katoelik Djawi, mawi basa Djawi. Ingkang sami ndérèk wonten sadérèk 55. Menggah ingkang paring piwoelang padaoka rama Dr. L. v. Rijckevorsel lan padaoka rama F. Prawira. Nama tampi kanoegrahian ageng sanget dateng para sadérèk ingkang sami kaleksanan saged ndérèk retrate. Wontenipoen retrate ing Ambarawa poenika damel sakétingan tindakipoen para sadérèk Katoelik ing pasir lèran. Éwasamanter sadérèk Keboemén oegi wonten ingkang ngrawehi, bokmanawi kémawon kabekta sampoen pirsa saestoe menggah paédahipoen retrate. Para retratten waoe ingkang nama tigasan oegi katah, samantent oegi ingkang sampoen naté (krep) retrate ing Moentilan. Moegi-moegi raos mesoe salira sadérèk retrate sageda saja madjeng.

Kaparingan momongan medal éstri kanti wilodjeng nalika tanggal 21-9-'31 djam 10.15' éndjing:

#### ELEONORA MARGIASIH

Bapa: Th. Marjana |

Bijoeng: V. Soebinah |

PRATIKNJASOEJANA.

Klaten.

## MANTJA NAGARI.

#### Wraged kangé ginggah wadya-bala.

(1 Miliard = 1000.000.000.)

Perantjus . . . . . 3,2 Miliard R. M.

Amérika Sarékat 3,—

Roeslan 2,6 " "

Inggris 2,2 " "

Itali 1,2 " "

Djepang 0,9 " "

Belgi 0,8 " "

Djerman 0,7 " "

Polen 0,4 " "

Joegoslavi 0,2 " "

Roemini 0,2 " "

Tschechoslaky 0,2 " "

(„Deutschland“, Aug. 31).

#### VATICAAN.

**Swanter saking kalih-kalihipoen.** Ing Sw. Tm. ngriki sampoen naté kawartosaken, jén Vaticaan sampoen wawoeh lan sami akeer kajalan Itali. „Osservatore Romano“ organipoen Vaticaan, mastani wohing bedamèn poenika njenengaken; gedoeing s. k. fascist kekalih „Giornale d’Italia“ lan „Tribuna“. oegi seneng dateng wohing bedamèn.

Saladjengipoen saben ném-némnan saged dados warga Aksi Katoelik ngrangkep dados warganing parté fascist. Aksi Katoelik saladjengipoen dédié jejasan gemeente oetawi provinse, nanging jejasan Kabiskopan. K. Biskop kagoengan wewenang mbenoem para pemimpinipoen Aksi Katoelik; nanging tilas warga „Partito popolare“ boten kenging dados pemimpin („Partito popolare“ poenika satoenggiling parté politik ingkang mengsa kajalan pamaréntah facist). Prakawis politik, militèr lan seportipoen ném-némnan poenika wonten ing tanganipoen regeering. Jén wonten gérèkipoen badé kapoe-toesan mawi rembagan (di commune instelligenza ad una amichevole soluzione —).

Makaten oegi presidentipoen Parté Fascist seneng; kangé nélakaken senenipoen atas namanipoen Directorium Parté Fascist kintoen serat dateng Mussolini, lan sagah badé nindakaken poenapa ingkang dipoentetaken ing bedamèn.

**Encycliek énggal.** „Aneta-R.“ martosaken jén K. S. Bapa tg. 3 Oktober sampoen paring encycliek malih, ingkang soeraosipoen soepados-sadérèk Katoelik ing saloemahing djagad sami émoeta dateng wadžibipoen noeloengi tijang-tijang nganggoeran, langkoeng-langkoeng laré-laré alit, ingkang dados koerbanipoen djaman mleseg poenika. Amila ladjeng dawoeh, soepados-kabiskopan ing poenipoen kajalan gesang manesa ing riki lan ing tembék wingking, boten patosa!

Mr. George Joseph soeka wangsoelan dateng „Catholic Leader“ ing Madras inggih boten kekilapan, lan ngéneti, makaten manoe P. Thomas wonten ing *Fides*, dateng tindakning para pengandjoer politiek, ingkang mentas kelampahan lan geuh anti missie Kristen, njoengoe-kanan pitakénan, poenapa wewenang ing wiwanipoen kamardikan agami, i. p. wewenang mertobataken, manoe kadjengipoen „Congress“ sampoen klebet ing kamardikan agami.

Nalika poetoesanipoen Congress ing Karachi kapasrahen dateng Comité „Congress“, pangarsanipoen, kenalanipoen Mr. George Joseph, ngintoenaken rantjangan resoloesi dateng Mr. G. Joseph, bokmanawi jén badé njoekani komenttar lan amendement. Oekara (c) ingkang ngrembag dateng hak-hakipoen para oemat, moengel makaten: „Kamardikan kabatinan (of conscience) lan wewenang ngakoni apa manéh nindakake agama ikoe kleboe dadi tatanan lan kasoesilan poebluk“.

(„Freedom of conscience and the free profession and practice of religion, subject to public order and morality“).

Wonten ing serat wangsoelani-poen, Mr. George Joseph ngintoenaken oesoel, soepados saantawisipoen „practice of religion“ kalijan „subject“ kaseselana oengel-oengel-an, „including of the right of conversion“ (mangkono oega wewenang mertobataken lan mertobataké). Mr. George Joseph nerangaken manawi seselan poenika perloe sanget ngémoeti dateng katrananipoen Mr. Gandhi ingkang mentas kawedal.\*)

Kangé tijang Katoelik kamardikan kabatosan toewin wewenang ngakoni lan nglampahi agami poenika ateges oegi wewenang mertobataken tijang dédié-Katoelik dados Katoelik.

Pangarsaning Comité „Congress“, Mr. Sri Prakasa, wedalan saking Cambridge, wonten ing serat

## WATJANA MANÉKA WARNA.

#### SWARAJ KALIJAN MISSIE.

„Indian National Congress“ boten ngaken wewenang mertobataken.

wangsoelanipoen tjrijos, manawi poen amendement sampoen prajogi, lan sakinten boten badé wonten alanganipoen nampi amendement poenika.

Nangding Comité nampik amendement waoe lan wewenang mertobataken boten klebet wonten ing poetoesan ingkang andagi dateng kamardikan kabantoe

# Recept<sup>2</sup>

E  
R  
E  
C  
E  
E

APOTHEKEN

Rathkamp  
& Co.

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT  
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poeth dan SIMPLEX TRANSFER.  
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.

TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk:  
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —  
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.  
Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moela f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnya: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.  
Baroe terima per S.S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk:  
ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.  
Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking,  
Almari besi dan tjet wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.  
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirim keterangan  
dengan pertjoema.

Mengharap pesenan:  
Rijwielenhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:  
WIRJOSOESEN A

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. NO. 13.

boer poenika sadaja missiestatie ing Alaska saged dipointoeweni pendak sawoelan sapisan; mangka waenipoen namoeng pendak setaoen sapisan.

Ingkang dados djoeroe-moedi Rama Feltes; mechanicienipoen Br. Papye, Maboeripoen ingkang sapisan: saking Fairbanks dateng Holy Cross, poeseriopen missie Rama-rama Jésoewit; déné tebihipoen wonten 500 mijl; ing dalem 4 djam 40 menoet sampoen doemoegi; wragad telas 3 dollar 80 sén Amérika. Roemijn saweg dipointolampahi mawi réta (slede) kagérèd segawon dangoenipoen 4 á 6 minggoe, lan wragadipoen 500 dollar.

Petjeklik. Amerika-Sarékat sisih kidoe sapoenika saweg nandang patjeklik, margi nalika mangsa katiga (zomer) kesangeten anggénipoen ngglantang tanpa djawah. Taneman boten sami medal. Ingkang kataman patjeklik langkoeng-langkoeng kaœm tani. Éwon-éwonan ingkang boten gadah ingkang dipointeda. Sembet<sup>2</sup> lan bekakas grijja prasasat sampoen telas kangé toembas teda. Regeering inggih sampoen nandangi; tandang partikelir inggih wonten. Nangging sadaja waoe taksih kirang sanget.

BRITANIA.

Komprénsi Médja boender. Commissie Komprénsi Médja boender ingkang kapatah ngrembag prakawis golongan-golongan alit (bevolksminderheden) dipointeng-sokaken roemijn ngantos saminggoe. Poenika kaanggep dados tanda, jén rembagipoen Mah. Gandhi, pemimpin Hindoe, lan Aga Khan, pemimpin Islam, dèrèng saged aker. Rembag poenika saja dados roewed, margi golongan Indo-Eropéjan (Euraziers). Kristen lan Katoelik sami soemelang, jén sagedipoen aker namoeng badé mawi ngoerbanaken golongan tetiga waoe.

Ramsay Mac Donald, premier Brittanía, sanadjana mergi poenika saged tjawé-tjawé lan ngabani: ajo koedoe mangkéné, éwasamantrimah ngentosi sagedipoen aker.

## ATOER OENINGA.

Kantja koela goeroe:

ANTONIUS SADIJA MOEDAPRAJITNA

kala tanggal 16 Juni 1931 mlebet grijja sakit ing Djébrés Solo. Sasampoenipoen soekoenipoen dipointenoperatie kaping tiga boten mantoen ladjeng dipointekot. Tanggal 14 September dateng Tjimahi adjar mlampah lan moeroegi soekoe gantospoeten, wasana tanggal 19 September sasampoenipoen tumpi Sacrament poengkasan ladjeng tilar dorja wonten ing militair hospitaal Tjimahi.

Moegi sami karsa njembahjangaken.

Matoer noewoen doemateng sadaja ingkang sampoen ngoepakara wiwit sakit doemoegining pangoeboeripoen.

Koela: RAKJA PARMAKA.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji  
dan Toekang emas.Adres jang  
moerahDJOKJA BANDOENG  
Telf. 252 Telf. 226boeat LONTJENG, HER-  
LODJI dan PERKAKAS  
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,  
dengan bawa lembaran  
Swara Tama  
datap POTONGAN.

## Frieling's Zwarre Lak.

Zwart Lak (tjet lak tjemeng) poenika gilap sanget sarta awet jén kanggé netjet barang ing ndjawi lan ing nglebet.

Tjet lak poenika kraket sanget, reginipoen mirah dados langkoeng déning pantes jén kaangge netjet barang aloes sarta oegi barang limrah.

Netto	12 <sup>1</sup> / <sub>2</sub>	5	2 <sup>1</sup> / <sub>2</sub>	1	1 <sup>1</sup> / <sub>2</sub>	kilo.
sa-blèg	13,75	5,75	3,—	1,30	0,70	roepijah.

Oegi kenging toembas blèg-blègan isi 1/5 Kilo, poenika tjekek kanggé netjet fiets 2, saben sa-blèg 40. sén.

Verffabriek R. B. FRIELING Djokja.

:- HOEKHUIS GONDHOMANAN — SAJIDAN :-

Sampoen kasedijakaken  
Papan pondokan kangé  
laré èstri ingkang sekolah.

Sinaoenipoen dipointoelat - oelataken  
sarta dipointoentoen.

Wragad mondok lan neda:

f 15.—

HARDJADININGRAT.

GOENOENG - KETOER, PAKOEALAMAN,  
NGAJOGJAKARTA.

ipoen sami pasoelajan; ngantos wanten ing gedong parlement ke-lampahan sami pistoel - pistoelan. Ingkang poenika Sang praboe Alexander ladjeng ambibarakan parlement, ngéndelaken grondwet lan ijasa regeering militéran; namoeng Sang praboe tok ingkang kenging moendoet pratélan dateng para minister. Praboe Alexander ladjeng djoemeneng dados dictator. Nanging nalika djoemenengipoen, mawi nilari predjandijian oetawi pangandika, jén dictatur waoe namoeng kangé sawatasiswa wekdal, dados namoeng kados déné djampi.

Ing woelan kapengker dictatuer waoe sampoen kasoewak, kasan-toenan tjara parlementér. Grondwet énggal sampoen kagijaraken.

Menoet grondwet énggal poenika: Joego-Slavie sampaen dipointoenggengi ing ratoe (koninkrijk); déné ratoenipoen kedah taleripoen Karageorgewitsj. Joego-Slavie gadah Senaat (jén ing Negari Wlandi: Eerste Kamer) lan Gedong wewakil (Tweede Kamer). Basa ingkang kangan geg opisijil: Kroaat, Servi toewin Sloveen.

Tanah Joego-Slavie, kados ingkang sampoen, kapérang dados 9 banaat; banaat-banaat waoe anggadahi autonome; pangagenging banaat (Banus) kabenoem ing minister-president. Kamardikan roemasing manah (geweten) lan drukkers; poenapa malih keprabonung sang ratoe toewin wewadosing serat-serat boten kenging dipointoenggeng.

Poenapa tjara parlement poenika sapoenika sampaen badé damel rahdjenging rakjat Joego-Slavie, poehika dèrèng kantenan. Awit djoemedoeing dictatuer poenika saking pasoe-

lajanipoen para parté politik. Poenapa salebetipoen dictatuer ingkang oe-moer kalih tengah taoen, parté-parté waoe poenapa sampoen sami roekoën wawoeh? Jén inggih, poenapa badé boten toekoel malih pa-soelajanipoen? Praboe Alexander mila popoelér, dipointenengi ing rakjat; bokmanawi inggih margi poenika anggénipoen para parté boten ketingal adjeng-adjengan sanget. Bokmanawi anggénipoen am-bangsoelaken tjara parlement poenika margi kapeksa: Joego-Slavie betah jatra nangng ingkang saged lan poeroen njamboeti, i. p. Parang-akik, boten poeroen ambikak peti-nipoen, manawi Joego-Slavie dèrèng ansal parlement malih.

Tjobi ngentosi kémawon, poenapa gedong parlement Joego-Slavie boten badé pistoel-pistoelan malih!

PALESTINA.

**Waterleiding.** Sampoen kinamaka prakawis toja wonten ing Jeroesalém tansah dados rembag. Boten langka tijang kekiringan toja kengé ngombé. Nalika ing poeng-kasaning perang ageng tijang Inggris ngedjégi Jeroesalém, ladjeng énggal matah niti priksa bab prakawis toja. Ladjeng damel rantjangan ijasa waterleiding, nangng namoeng kénédel wonten ing rantjangan kémawon.

Para maos temtoenipoen sampoen pirsa, jén bangsa Jahoedi lan bangsa Arab wonten ing Palestina sami boten seneng dateng tradjangan paréntah Inggris. Ing mangsa zomer (bentér) ingkang kapengker djawahipoen namoeng sakedik sanget, ingkang ladjeng moeroegaken kakirangan toja ombèn - ombèn. Politik Inggris waspada. Soe-

Uitgave: DRUKKERIJ "CANISIUS"

DJOKJAKARTA

TEL. No 701.

Verschenen:  
"OEFENINGEN

in de  
NEDERLANDSCHE TAAL"  
(met sleutel).

2e DRUK.

door J. A. BELLAARD, Hoofd einer H. I. S.

Prijs: f 0.75; met sleutel samen f 1.— fr. i.p. f 1.12.

(De sleutel geeft aan: de gevraagde voorzetels, de vereischte tekstveranderingen, de gevraagde tegenstellingen, synoniemen, enz.).

Dit boekje is zeer geschikt voor candidaten M.U.L.O.,  
H. B. S., Klein - Ambtenaarsexamen,  
Akte Nederlandsch, enz.

pados bangsa kakalih waoe sampoen ngantos mindak panggroen-delipoen rantjangan waterleiding waoe sapoenika sampoen katan-dangan, malah sapoenika oeroeng-eroengipoen sampoen rampoeng.

DJERMAN.

Tanda jén sympathiek.

Tg. 2. Oktober von Hindenburg, president pradja Djerman, sampoen djangkep joeswa 84 taoen. Sandjana dinten klarainipoen poenika boten kaanggep dinten national, éwasamanter para ambassadeur lan gezant - gezant sami mbèbèr bandéra.

**Dr. Brüning moendoer.** Wonten tilgram martosaken lèréhipoen regeering - Brüning. Mangga sinten malih ingkang sagah andadosi morat-mariting ékonomi Djerman?

TIONGKOK.

**Prakawis Mantsjoerij taksih roewed.** Serat<sup>2</sup> kabar ing Moscou ngabarakan, jén ingkang nama perang taksih badé kalampahan, déné sapoenika poenika saweg nama éndjér. Anggénipoen gadah pamanggih kados makaten poenika margi gezant Djepang anggénipoen papang-gihan kalish Litwinoff kok dangoe sanget. Mangka roemijn Sovjet sampoen naté mastani jén tradjangan Djepang poenika anempoeh (agressief). Boten anggoemoenaken jén Sovjet singit dateng Djepang, matgi tradjangipoen Djepang toemrap bolsjewisme poenika keras!

Saking Inggris wonten manifestipoen bangsa Tiong Hwa ngrika ingkang tjerios, jén tradjangipoen Djepang poenika nama penantang boten namoeng dateng Tiongkok, nangng oegi dateng Volkenbond lan sadaja pradja<sup>2</sup> ageng; jén panem-poeing Djepang bokmanawi ateges pepoetjoeing perang donja.

Saking Nangking regeering Tiongkok martosaken, jén wonten

FIRMA - MERDEKA  
WÉTAN STATION NGABÉAN — DJOKJAKARTA.

Soedah sedia bekakas roemah:  
tempat tidoer, bultzak, lemari, medja, koersi,  
semoea bikinan dari Indonesia betoel,  
barang baik harga pantes,  
dan bisa beli dengan  
huurkoop.

Djoega trima pesenan medja sekolah dengan harga  
moerah, dan sedija toekang bultzak boeat bikin betoel  
bultzak goena didatengkan dimana tempat.

**Tarief onkost toekang bultzak dengan harga kain.**

Bultzak no. 1. oekoeran	2,30 × 1,90	satoe stel 2 goeling	4 bantal	f 10,50
" no. 2.	2,20 × 1,60	" 2	4	f 9,50
" no. 3.	2,10 × 1,30	" 1	2	f 7,—
" no. 4.	2,— × 1,15	" 1	2	f 6,—
" no. 5.	2,— × 1,—	" 1	2	f 5,50

Pesenan bikin betoel bultzak bisa kirim soerat lebih doe-loe, dengan diterangkan pandjang lebarja tempat tidoer.

Hormat Saia

Eigenaar: R. A. SASTRODIHARDJO.